

Pou ede ak konsantman enfòmè



Vaksen an prepare kò w pou defann tèt li kont yon viris oubyen bakteri.

Vaksen an ede sistèm defans kò a byen konbat viris ki responsab COVID-19.

POUKISA MWEN SIPOZE PRAN VAKSEN AN?

- > Li pwoteje kont COVID-19 epi ede ou evite tonbe malad
- > Menm si anpil moun geri san yo pa pran tretman, kèk nan yo ka mouri ak COVID-19 nan oubyen soufri pwoblèm kè oubyen poumon tankou nemoni. Sistèm nève a kapab afekte tou

Quebec.ca/vaccinCOVID

1 877 644-4545

KI SENTÒM KI PI KOMEN KI PARÈT APRÈ OU FIN PRAN VAKSEN AN?



Doulè kote ou pran piki a



Fatig, tèt fè mal, doulè nan mis oubyen jwenti ak lafyèv

Sentòm sa yo soti nan lejè pou rive nan nivo mwayen ki disparèt dabitid nan youn oubyen de jou. Ou kapab pran remèd pou doulè ak lafyèv la tankou asetaminofèn oubyen ibipwofèn pou soulaje yo.

ÈSKE GENYEN LÒT SENTÒM KI PI RA?

Relyasyon alèjik yo ra epi si yo parèt, dabitid yo parèt pou kèk minit aprè ou fin pran vaksen an pandan moun k ap resevwa vaksen an sou siveyans epi se bagay k ap trete imedyatman.

Nan mwa k ap vini yo, depi yon gwo nan majorite popilasyon an pa pran vaksen an, COVID-19 nan ap rete la.

An n kontinye pwoteje tèt nou!



Kenbe distans ou



Kouvri figi ou



Touse nan koud bra ou



Lave men ou